



**Rapò Kontwòl ki Konsantre sou Nivo  
pou Nòm Inivèsèl Gwoup B yo  
Edikasyon Espesyal ak Dwa Sivil yo  
Distri: Lekòl Piblik Everett yo  
Dat Sou Plas yo: 25 ak 26 fevriye 2019  
Nivo Etap: 1**



Jeffrey C. Riley  
Komisè Edikasyon Fondamantal ak Segondè

Pandan ane lekòl 2018-2019 lan, Lekòl Piblik Everett yo te patisipe nan yon Revizyon Kontwòl ki Konsantre sou Nivo Biwo Kontwòl Lekòl Piblik Depatman an te mennen. Objektif Revizyon Kontwòl ki Konsantre sou Nivo an se pou kontwole konfòmite ak egzijans reglemantasyon yo ki konsantre sou edikasyon espesyal ak dwa sivil yo.

Yo revize distri an ak lekòl sou kontra prive yo chak twazan atravè Kontwòl ki Konsantre sou Nivo an. Pwosesis revizyon sa a mete aksan sou eleman ki plis lye ak bilan elèv lan, epi chanje konsantrasyon chak revizyon swa sou Nòm Inivèsèl Gwoup A yo oswa Nòm Inivèsèl Gwoup B yo.

Adrès Nòm Inivèsèl Gwoup A yo:

- Idantifikasyon elèv lan
- Devlopman IEP
- Pwogramasyon ak sèvis sipò yo
- Opòtinite egal

Adrès Nòm Inivèsèl Gwoup B yo:

- Pèmi pou fonksyonman ak devlopman pwofesyonèl
- Angajman paran/elèv/kominote
- Obsèvasyon enfrastrikti ak sal klas yo
- Siveyans
- Tan ak aprantisaj
- Aksè Egal

Anplis, Depatman an rezève yon seri espesifik kritè, yo konnen yo kolektivman kòm Nòm Vize yo, ki itilize lè LEA oswa done evalyasyon risk nivo lekòl lan endike gen yon sousi potansyèl. Nòm Vize ki Idantifye yo evalye anplis Nòm Inivèsèl yo.

Nòm Inivèsèl ak Nòm Vize yo sou menm liy lan ak reglemantasyon ki suiv yo la:

Edikasyon Espesyal (SE)

- egzijans yo chwazi nan Lwa federal sou Edikasyon Moun ki gen Andikap yo (IDEA-2004); reglemantasyon federal yo ki te pwomilge nan kad Lwa sa a nan 34 CFR Pati 300; M.G.L. c. 71B, epi reglemantasyon Edikasyon Espesyal Konsèy Edikasyon Massachusetts lan (603 CMR 28.00), jan yo te amande depi nan dat 1ye mas 2007.

Metòd Administrasyon Dwa Sivil yo ak Lòt Egzijans Edikasyon Jeneral yo (CR)

- egzijans dwa sivil federal yo chwazi yo, sa gen ladan yo egzijans nan kad Tit VI Lwa 1964 sou Dwa Sivil yo; Lwa 1974 sou Opòtinite Edikatif Egal yo; Tit IX Amandman 1972 yo sou Edikasyon; Seksyon 504 Lwa 1973 sou Reyabilitasyon an, ak Tit II Lwa 1990 sou Ameriken ki gen Andikap yo, ansanm ak egzijans eta yo chwazi yo nan kad M.G.L.c. 269 §§ 17 pou rive 19.
- egzijans yo chwazi nan reglemantasyon Limitasyon Fizik Konsèy Edikasyon Massachusetts lan (603 CMR 46.00).
- egzijans yo chwazi nan reglemantasyon Tan Aprantisaj Elèv Konsèy Edikasyon Massachusetts lan (603 CMR 27.00).
- plizyè egzijans nan kad lòt lwa federal ak eta yo.

Kontwòl ki Konsantre sou Nivo an pèmèt kontwòl diferansye sou baz nivo bezwen yon distri/lekòl sou kontra prive, Nivo yo defini jan li suiv lan:

Yo detèmine LEA yo ki nan Nivo 1 ak 2 yo kòmkiwa yo pa gen risk oswa risk lan fèb:

- Nivo 1/Amelyorasyon Odirije: Pwen done yo pa montre okenn sousi sou konfòmite ak bilan pèfòmans yo – satisfè egzijans yo.
- Nivo 2/Amelyorasyon Dirije: Pa gen risk ki demontre nan domèn ki gen lyen pwòch ak bilan elèv lan – risk fèb.

LEA yo nan Nivo 3 ak 4 yo te demontre pi gran risk:

- Nivo 3/Mezi Koreksyon: Domèn sousi yo gen ladan yo alafwa konfòmite ak bilan elèv lan – risk modere.
- Nivo 4/Sipò inite Kwaze ak Mezi Koreksyon: Domèn sousi yo gen efè pwofon sou bilan elèv lan ak konfòmite pèmanan – gwo risk.

Faz Kontwòl ki Konsantre sou Nivo pou Lekòl Piblik Everett yo te gen ladan yo:

Faz Oto Evalyasyon:

- Distri an te revize edikasyon espesyal ak dokiman dwa sivil yo pou eleman ki obligatwa yo ki gen ladan yo telechajman dokiman yo.
- Distri an te revize yon echantiyon dosye elèv edikasyon espesyal yo chwazi atravè nivo klas yo, kategori andikap yo ak nivo bezwen yo.
- Yon fwa de revizyon entèn sa yo fini, yo te soumèt oto evalyasyon distri an bay Depatman an pou revizyon.

Faz Verifikasyon Sou Plas:

- Revizyon dosye elèv pou edikasyon espesyal: Depatman an te chwazi yon echantiyon dosye elèv nan sa yo distri an te revize an kòm yon pati nan oto evalyasyon li an, menm jan ak dosye Depatman an chwazi nan lis elèv edikasyon espesyal lan. Ekip sou plas lan te dirije revizyon sa a, nan itilize pwosedi estanda Depatman yo, pou detèmine si egzijans pwosedi ak pwogram yo te respekte.
- Revizyon dokiman anplis pou edikasyon espesyal oswa dwa sivil yo.
- Ankèt sou paran elèv ak andikap yo: Yo te voye yon ankèt bay Paran elèv ak andikap yo pou mande yo enfòmasyon konsènan eksperyans yo ak egzekisyon pwogram edikasyon espesyal distri an, sèvis ki lye yo ak egzijans pwosedi yo.
- Entèvyou ak pèsonèl lan sou menm liy ak kritè sa yo chwazi yo pou verifikasyon sou plas.
- Entèvyou reprezantan konsèy konsiltasyon paran yo (PAC) ak lòt entèvyou nan telefòn, jan yo mande sa, lòt paran oswa manm piblik jeneral lan fè.
- Obsèvasyon sal klas yo ak lòt enfrastrikti yo: Ekip sou plas lan te vizite yon echantiyon sal klas ak enfrastrikti lekòl ki itilize nan livrezon pwogram ak sèvis yo pou detèmine nivo jeneral konfòmite ak egzijans pwogram yo.

## **Rapò: Pou Revizyon Kontwòl ki Konsantre sou Nivo pou Nivo 1 ak 2 yo**

Aprè vizit sou plas lan, ekip sou plas lan òganize yon rankont sòti enfòmèl pou revize kòmantè li yo pou sipè entandan an oswa lidè lekòl sou kontra prive an. Nan espas anviwon 20 jou ouvrab vizit sou plas lan, manm konsèy ki sou plas lan transfere bay sipè entandan oswa lidè lekòl sou kontra prive an dekouvèt yo apati Revizyon Kontwòl ki Konsantre sou Nivo an. Tout distri/lekòl sou kontra prive yo nan Nivo 1 ak 2 yo, nan kad pwosesis rapò an, apresya devlope yon Plan Kontwòl ak Amelyorasyon Pèmanan (CIMP) pou nenpòt ki kritè ki resevwa yon klasman "Egzekite An Pati," "Pa Egzekite," ak Egzekisyon an Ap Dewoule." CIMP an defini yon plan aksyon, idantifye metrik siksè an, dekri mekanis mezi an epi bay yon peryòd pou reyalizasyon pou mennen domèn sa yo nan konfòmite ak lwa oswa reglemantasyon ki kontwole an. Yo atann pou distri yo ak lekòl sou kontra prive yo pou yo antre aksyon CIMP yo nan plan amelyorasyon distri ak lekòl yo, ansanm ak plan devlopman pwofesyonèl yo.

## DEFINISYON KLASMAN KONFÒMITE YO

<b>Louwab</b>	Nenpòt egzijans oswa aspè yon egzijans ki egzekite nan yon fason egzanplè ki depase egzijans lwa oswa reglemantasyon an nan yon fason ki enpòtan.
<b>Egzekite</b>	Egzijans lan respekte nan tout aspè ki enpòtan yo nan yon fason konsiderab.
<b>Egzikisyon an Ap Dewoule</b>	Yo itilize klasman sa a pou kritè ki gen egzijans legal ki nouvo oswa yo modifye epi li vle di distri an te egzekite nenpòt ansyen egzijans ki te genyen nan kritè yo epi ap fòme pèsonèl lan oswa kòmanse egzekite nouvo egzijans yo nan yon fason kote ekip sou plas lan antisipe nouvo egzijans yo pral egzekite anvan fen ane lekòl lan.
<b>Egzekite An Pati</b>	Egzijans lan, nan youn oswa plizyè aspè enpòtan, pa konplètman respekte.
<b>Pa Egzekite</b>	Egzijans lan pa respekte nan totalite l oswa nan yon fason konsiderab.
<b>Pa Aplikab</b>	Egzijans lan pa aplike ak distri lekòl lan oswa lekòl sou kontra prive an.

## Lekòl Piblik Everett yo

### REZIME KLASMAN KRITÈ KONFÒMITE YO

	<b>Nòm Inivèsèl yo</b> <b>Edikasyon Espesyal</b>	<b>Nòm Inivèsèl yo</b> <b>Dwa Sivil yo ak</b> <b>Lòt Egzijans</b> <b>Edikasyon</b> <b>Jeneral yo</b>	<b>Nòm Vize yo</b>
<b>EGZEKITE</b>	SE 15, SE 32, SE 36, SE 50, SE 51, SE 52, SE 52A, SE 54, SE 55, SE 56	CR 3, CR 7, CR 7A, CR 7B, CR 7C, CR 10A, CR 10B, CR 10C, CR 12A, CR 16, CR 20, CR 21, CR 22, CR 23	SE 44, SE 45, SE 46, SE 47
<b>EGZEKITE AN PATI</b>		CR 17A, CR 24	
<b>PA EGZEKITE</b>		CR 25	

Enstriman revizyon yo, ki gen ladan yo egzijans reglemantasyon ki espesifik ak kritè edikasyon espesyal ak dwa sivil yo ki gen referans ak yo nan tablo anwo an, twouve yo nan

[www.doe.mass.edu/psm/resources/default.html](http://www.doe.mass.edu/psm/resources/default.html).

**Domèn Amelyorasyon 1**

**Kritè:** CR 17A - Itilizasyon limitasyon fizik sou nenpòt ki elèv ki enskri nan yon pwogram edikasyon ki jwenn finansman piblik

**Klasman:** Egzekite An Pati

**Deskripsyon Sousi Aktyèl lan:** Yon revizyon dokiman ak entèvyou pèsònèl yo te montre malgre distri an gen politik ak pwosedi prevansyon limitasyon ak sipò pou konpòtman yo ki ekri, politik lan pa totalman annakò ak 603 CMR 46.00. Espesifikman, politik lan pa gen ladan l metòd pou anpeche vyolans ant elèv, konpòtman pou blese tèt yo ak suisid; yon deklarasyon ki anpeche limitasyon medikasyon, limitasyon mekanik, epi limitasyon ki sansib amwenske sa otorize nan konfòmite ak 603 CMR 46.03(1)(b); yon deklarasyon ki anpeche izolman, epi itilizasyon limitasyon ki pa annakò ak 603 CMR 46.00; epi li pa gen landan l yon pwosedi pou itilizasyon tan poz.

**Bilan LEA:** Lekòl Piblik Everett yo pral asire politik ak pwosedi prevansyon limitasyon ak konpòtman pou sipò ekri li yo modifiye pou reflekte 603 CMR 46.00 & 46.03, epi pou fòmasyon pou pèsònèl lan sou politik ak pwosedi limitasyon fizik ak sipò pou konpòtman distri an bay lan antre nan modifikasyon sa yo.

**Plan aksyon:** Anvan 23 dawout 2019, distri an pral revize politik ak pwosedi limitasyon fizik ak sipò pou konpòtman li yo pou reflekte 603 CMR 46.00 & 46.03, epi prezante chanjman sa yo bay komite lekòl lan pou apwobasyon. Distri an fè kontra ak Walker Consultin pou revize epi modifiye politik aktyèl lan.

Anvan 16 septanm 2019, distri an pral prezante politik lan kòm yon eleman ajanda pou rankont direktè yo nan mwa septanm lan. Tout direktè batiman yo ak direktè adjwen yo pral resevwa fòmasyon sou pwosedi limitasyon revize yo epi jwe wòl kòm tèt kontak pou chak lekòl.

Anvan 16 septanm 2019, distri an pral fòme tout pèsònèl lan sou politik revize an. Pou pèsònèl ki koresponn yo, distri an pral ofri devlopman pwofesyonèl Entèvansyon Kriz Terapetik nan lide pou asire pèsònèl lan gen konesans ak sipò ki obligatwa yo pou sipòte elèv yo nan kriz. Distri an note li pral ofri tou opòtinite devlopman pwofesyonèl sou yon kantite sijè nan itilizasyon dwòg, sante mantal, sousi sou entènèt ak prevansyon kont suisid pou pèsònèl lan atravè Middlesex Partnership for Youth pandan ane lekòl 2019-2020 an.

Anvan 16 septanm 2019, distri an pral egzekite yon sistèm kontwòl entèn kote pèsònèl lan bay administrasyon santral lan mizajou trimestriyèl konsènan limitasyon fizik. Mizajou administratif trimestriyèl sa a pral gen ladan l idantifikasyon nouvo pèsònèl pou asire yo resevwa fòmasyon nan espas yon mwa apre yo anplwaye.

**Metrik Sikse:** Zòn kòmansman ane lekòl 2019-2020 an, distri an pral gentan adopte epi egzekite politik revize an epi pral gentan bay fòmasyon pou tout pèsònèl lan sou politik revize an.

Prèy:

1. Kopi politik prevansyon limitasyon ak sipò pou konpòtman ki revize an ki pibliye nan gid elèv yo ak nenpòt lòt kote li apwopriye;
2. Ajanda, materyèl fòmasyon ak fèy prezans pou fòmasyon pou pèsònèl lan; epi
3. Rezilta sistèm kontwòl entèn yo pral asire administratè santral yo (Asistan Sipè entandan yo, Direktè Edikasyon Espesyal lan ak Direktè ABA a) jwenn enfòmasyon epi nouvo pèsònèl lan jwenn fòmasyon.

## Domèn Amelyorasyon 1

**Mekanis Mezi an:** Kontinye apre delè pou reyalizasyon an:

Asistan Sipè entandan yo, Direktè Edikasyon Espesyal lan, ak/oswa Direktè ABA a pral asire 100% tout pèsonèl lan, ansanm ak sa ki fenk anplwaye yo, jwenn fòmasyon sou tout politik ak pwosedi pou prevansyon limitasyon ak sipò pou konpòtman yo.

Asistan Sipè entandan yo, Direktè Edikasyon Espesyal lan, ak/oswa Direktè ABA a pral, nan komunikasyon regilye yo ak direktè batiman yo, asire yo pèsonèl lan okouran, epi ap adopte, chanjman pou pratike yo politik ak pwosedi revize yo egzije yo.

Asistan Sipè entandan yo, Direktè Edikasyon Espesyal lan ak/oswa Direktè ABA a pral kontinye kontwòl mizajou trimestriyèl yo sou itilizasyon limitasyon fizik ak poz yo.

**Peryòd pou Reyalizasyon:** 16/09/2019

## Domèn Amelyorasyon 2

**Kritè:** CR 24 - Revizyon pwogram

**Klasman:** Egzekite An Pati

**Deskripsyon Sousi Aktyèl lan:** Yon revizyon dokiman ak entèvyou pèsonèl lan te montre distri an pa toujou asire pwofesè endividyèl yo revize tout materyèl edikatif yo pou jeneralizasyon senp epi degradan yo, manke merit entèlektyèl, sou baz ras, koulè, sèks, idantite jan moun lan ye, relijyon, orijin nasyonal ak oryantasyon seksyèl; epi yo itilize aktivite apwopriye, diskisyon ak/oswa materyèl anplis pou bay ekilib ak kontèks pou nenpòt stereyotip konsa ki dekri nan materyèl yo. Espesifikman, pwosesis distri an fè apèl ak revizyon liv lekòl yo, men pa materyèl anplis yo oswa ki fèt pou pwofesè yo.

**Bilan LEA:** Lekòl Piblik Everett yo pral kreye yon komite ki gen ladan l direktè domèn matyè yo, kowòdonatè yo, ak chèf depatman yo, ki ap jwe wòl lidè pou egzekisyon. Komite sa a pral kreye pwotokòl ki fasil pou itilize pou asire liv lekòl yo, materyèl anplis yo, ak materyèl ki fèt pou pwofesè yo revize dapre pwosesis distri an. Komite an pral kontwòl tou egzekisyon pwotokòl sa yo pou asire yo suiv yo kòm sadwa epi an pèmanans.

**Plan aksyon:** Anvan 23 dawout 2019, komite egzekisyon an, ki konpoze ak direktè epi pwofesè yo nan chak batiman yo, pral rankontre pou kreye pwotokòl ak gid pou revizyon ki fasil pou itilize pou materyèl ki kreye pou pwofesè k ap egzamine a ak materyèl anplis yo. Direktè yo pral sipòte pwofesè yo ak egzekisyon pwotokòl sa yo pandan rankont planifikasyon komen yo.

Anvan 27 janvyè 2020, pwofesè sal klas yo pral gentan jwenn fòmasyon sou nouvo pwotokòl sa yo ak zouti (lis kontwòl, elatriye) ki itilize pou egzekite yo epi pral itilize zouti sa yo an pèmanans. Komite an oswa lòt pèsonèl pwogram distri an, pral kontwòl egzekisyon epi disponib pou reponn kesyon ki soulve apati pwosesis lan.



## Domèn Amelyorasyon 2

**Metrik Sikse:** Anvan fen mwa dawout 2019 lan, komite an pral an plas epi pral gentan rankontre pou kòmanse egzekite plan aksyon ki defini anwo an.

Anvan fen janvyè 2020 an, 100% depatman lekòl Everett yo pral gen egzekisyon revizyon materyèl ki reyisi ki dokimante nan rankont depatman yo ak tan planifikasyon komen.

Prèy:

1. Pwotokòl ak gid revizyon ki ekri nan fòmilè lis kontwòl lan;
2. Kopi lis kontwòl pwofesè yo ranpli; ak
3. Nenpòt aksyon nesèsè yo pral poze pou asire ekite pral note epi referanse bay Direktè Pwogram lan pou aksyon.

**Mekanis Mezi an:** Kontinye apre delè pou reyalizasyon an:

Komite an pral kontwole egzekisyon pwotokòl sa yo nan revize dokiman revizyon pwofesè endividyèl materyèl yo nan rankont depatman yo ak tan planifikasyon komen. Dokiman ka gen ladan l kopi zouti komite an kreye ki fini, oswa lòt dokiman konsèy depatman nan nivo lekòl yo soumèt bay swa komite an oswa bay pèsònèl pwogram distri an.

**Peryòd pou Reyalizasyon:** 27/01/2020

## Domèn Amelyorasyon 3

**Kritè:** CR 25 - Oto evalasyon enstitisyonèl

**Klasman:** Pa Egzekite

**Deskripsyon Sousi Aktyèl lan:** Yon revizyon dokiman ak entèvyoou pèsònèl te montre distri an pa evalye tout aspè pwogram K-12 li an chak ane pou asire tout elèv kèlkeswa ras, koulè, sèks, idantite jan moun ye, relijyon, orijin nasyonal, konpetans limite nan anglè, oryantasyon seksyèl, andikap oswa estati lojman, gen aksè egal ak tout pwogram yo, ansanm ak atletis ak lòt aktivite andeyò lekòl yo.

**Bilan LEA:** Lekòl Piblik Everett yo pral evalye tout aspè pwogram K-12 li an chak ane pou asire tout elèv yo gen aksè egal ak tout pwogram yo, ansanm ak sa ki akademik ak andeyò lekòl yo. Distri an pral òganize rankont ki pwograme regilyèman nan nivo lekòl ak distri an pou revize done yo epi poze aksyon lè li nesèsè pou asire aksè egal.

**Plan aksyon:** Anvan 16 septanm 2019, Lekòl Piblik Everett yo pral egzekite yon orè rapò woutin kote direktè adjwen yo pral fè rapò sou done elèv yo baze sou enplikasyon nan pwogram K-12 yo epi retrase done sa a nan rankont trimestriyèl yo. Sipè Entandan an dirije rankont sa yo e Direktè Done an bay tout sipò pou ranmasaj done yo. Lekòl yo pral adopte yon pwotokòl inifòm pou tout rankont yo.

Anvan 27 janvyè 2020, Lekòl Piblik Everett yo pral konpile yon lis chanjman ki fèt pou asire aksè egal pou tout pwogram yo ki soti nan pwosesis sa a.

### Domèn Amelyorasyon 3

**Metrik Sikse:** Distans fen ane lekòl 2019-2020 an, Lekòl Piblik Everett yo pral gen yon achiv done rapò ak rankont pou asire aksè amelyore pou tout elèv nan tout pwogram yo, ansanm ak atletis ak lòt aktivite andeyò lekòl yo.

Prèy:

1. Rankont done yo pral anrejistre ak yon fèy prezans ak yon plan aksyon;
2. Diskisyon nan rankont trimestriyèl yo pral anrejistre nan nòt rankont yo; ak
3. Nenpòt aksyon nesese yo pral poze pou asire ekite pral note epi referanse bay Direktè Pwogram lan pou aksyon.

**Mekanis Mezi an:** Kontinye apre delè pou reyalizasyon an:

Lekòl yo pral asire egzekisyon konsistan nan adopte yon pwotokòl inifòm pou tout rankont yo.

Distri an pral revize lis elèv yo pou aktivite akademik, atletik ak andeyò lekòl lan ak lòt fòm rasanblaj done pou asire tout elèv yo, kèlkeswa ras, koulè, sèks, idantite jan moun lan ye, relijyon, orijin nasyonal, konpetans limite nan anglè, oryantasyon seksyèl, andikap, eta lojman, gen aksè egal ak tout pwogram yo.

Distri an pral revize chanjman ki fèt pou asire aksè egal pou tout pwogram yo ki soti nan pwosesis sa a.

Distri an pral rann rezilta done rapò anyèl li an ak rezilta yo disponib pou kominote lekòl lan.

**Peryòd pou Reyalizasyon:** 27/01/2020